

Osijè Vaksen



Mwen te resevwa yon piki nan sit distribisyon anmas la, poukisa li te ye ?

Si yo te ba w yon piki, alòs yo te ba w yon vaksen. Yo bay vaksen pou anpeche w vin malad ak sèten maladi.

Poukisa yo te ban m vaksen?

Yo te ba w yon vaksen paske ou te, oubyen ta kab, ekspozé ak yon bagay ki gen dwa fè w trè maladi. Vaksen an pral ede w pa pran maladi a.

Kote m pran piki a ontijan anfle ak wouj. Eske li nòmal ?

Li kapab wouj, anfle oubyen fè w mal nan kote yo ba w piki a. Li nòmal. Si zòn nan trè anfle, gen de liy wouj k ap monte sou bra w, oswa w santi w malad ak lafyè, kontakte doktè w oswa depatman lasante lokal ou touswit..

Kesyon ?



Ou gen dwa gen kesyon osijè medikaman ke yo bay w la. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele depatman lasante lokal ou a oswa vizite sit entènèt:

Connecticut Department of Public Health
– Depatman Sante Piblik Connecticut
<http://www.ct.gov/dph>

Centers for Disease Control and Prevention- Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi
<http://emergency.cdc.gov/preparedness/>




410 Capitol Avenue
Hartford, CT 06134-0308

Phone: 860-509-8000
www.ct.gov/dph

Eta Connecticut



Distribisyon Anmas Aprè POD a: Kisa pou M Fè Aprè?



Tel: 860-509-8000
www.ct.gov/dph

Poukisa M Gen pou M Pran Sa a ?



Yo te gen dwa ba w oubyen yon piki (vaksen) oubyen yon medikaman pou pote lakay ou (antibiyotik oswa anti-viris). Yo te bay medikaman sa a pou anpeche

ke w pran maladi oubyen pou fè w refè.

Si yo te bay medikaman pou pote lakay ou, li enpòtan ke w pran li EKZAKTEMAN jan yo di w sou bwat li vin ladann nan. Yo pral ba w yon fèy « Enfòmasyon pou Pasyan » ki di w osijè medikaman ke w ap pran yo. Kenbe fèy « Enfòmasyon pou Pasyan » an nan yon kote ki ansekirite paske li gen enfòmasyon enpòtan sou li. Si w pèdi li, oubyen ou bezwen li nan yon lòt lang, tanpri kontakte depatman lasante lokal ou oubyen depatman lasante leta a pou yon lòt kopi.

Koute nouvèl lokal ou yo pou enfòmasyon sou ijans la ak nenpòt lòt bagay ou ta gen pou fè.

Osijè Antibiyotik ak Anti-viris

Yo te ban m medikaman pou pote lakay mwen. Ki kalite medikaman yo te ye?

Si yo te ba w medikaman pou pote lakay ou, yo gen dwa te ba w yon antibiyotik oswa yon anti-viris. Li gen dwa prezante kòm yon grenn oswa yon likid. Yon antibiyotik travay lè l ede kò w konbat bakteri ki gen dwa fè w malad yo. Yon anti-viris travay lè l ede kò w konbat yon viris ki gen dwa fè w malad. Yo kab itilize yo pou w kab refè oswa pou anpeche w pran maladi a.

Kòman pou m pran li?



Fèy « Enfòmasyon pou Pasyan » yo te ba w la pral di w kòman pou pran medikaman yo. Pou medikaman an kab travay, ou fèt pou asire w ke w pran li

EKZAKTEMAN jan li ekri sou bwat li te vin ladann nan. Li enpòtan ke w pran medikaman an lè pou pran l la epi ou pa fèt pou manke okenn dòz. Si w pa pran l jan yo di pou pran l, ou gen dwa vin malad. Asire w ke w mete medikaman sa nan yon kote ansekirite epi timoun pa kab jwenn li.

Mwen santi m refè, eske m kab sispann pran li?

Li trè enpòtan ke w fini tout medikaman ke yo bay la, menm si w santi w byen. Pa diminye oswa sispann pran medikaman an san w pa pale ak doktè oubyen depatman lasante lokal la anvan pou asire w ke li oke. Si w pa fini tout medikaman an, li pap mache oswa ou pral pran maladi a.

E pou efè segondè yo?

Fèy « Enfòmasyon pou Pasyan » an liste efè segondè ou gen dwa devlope lè w pran medikaman sa a. Si w genyen nenpòt nan efè segondè serye ki liste nan fèy « Enfòmasyon pou Pasyan », ou dwe rele doktè w oswa depatman lasante lokal la touswit.

Grenn la twò gwo pou mwen, li difisil pou vale. Èske m kab kraze l oubyen koupe l an de?

Selon kalite medikaman yo ba w la, ou gen dwa kraze l oubyen koupe l mwaye-mwaye. Li gen dwa pa mache si li kraze oswa koupe an de. Rele doktè w oswa depatman lasante lokal la pou konnen nan ki fason li kab pi fasil pou pran medikaman an oubyen pou wè si w kapab jwenn li an likid.